

Patisipasyon Piblik la

PATISIPASYON PARAN – YON PATENARYA ANT LAKAY- LEKÒL - AK DISTRI A

Komisyon Konsèy Lekòl Leta Miami-Dade County a rekonèt lè fanmi yo ak kominote a ap kontinye patisipe anpil, nan tout aspè pwogram ak aktivite lekòl yo, sa ede lekòl yo fè pwogrè moun kapab wè rannman elèv yo bay.

Regleman sa a, Komisyon lekòl la mete sou pye a, kreye yon anviwònman kolaborasyon kote nou envite paran ak fanmi elèv nou yo epi nou ankouraje yo patisipe kòm moun ki gen enterè nan kominote lekòl la. Regleman sa a tabli baz ak responsablite pou mete anfonksyon estrateji pou ogmante patisipasyon fanmi ak patisipasyon kominote a. Yo dwe distribye bay tout paran yon kopi regleman sa a (pa egzanp, fè yo jwenn yon kopi sou papyè, oswa pa mwayen konpitè, oswa pa nenpòt lòt mwayen apwopriye pou distribisyon).

Nan regleman sa a, mo “paran” vle di nenpòt granmoun -- manman, papa, gran frè oswa gran sè, matant, tonton, gran paran, responsab legal, fanmi ki pran ka timoun leta ba yo responsab ak konseye -- ki jwe yon wòl enpòtan nan lavi yon elèv oswa nan lavi plizyè elèv ki enskri nan “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” Lekòl Leta Miami-Dade County yo. Kwak patisipasyon paran se pwen santral regleman sa a, yo rekonèt tout moun ki konsène sou edikasyon elèv dwe travay ansanm kolaborativman pou yo satisfè bezwen elèv yo.

Lè yo sèvi ak mo “lekòl” la nan regleman sa a, mo sa pa vle di sèlman pwogram lekòl dabitid yo tankou: jadendanfan rive sou 12èm ane lekòl segondè, sa vle di klas matènèl yo, lekòl pou granmoun, ak lekòl kominotè yo tou.

I. RESPONSABLITE PARAN

A. Paran Antan Premye Pwofesè Pitit yo. Fò paran rekonèt enpòtans yo kòm pwofesè, epi fò lekòl yo ankouraje sa. Lekòl yo va bay paran yo bon sipò ak èd yo bezwen pou yo kab konprann e satisfè sa y ap atann de yo nan wòl sa a.

N ap atann pou paran yo:

- i. Prepare sèten prensip epi fè pitit yo konnen klè y ap atann pou yo gen bon konpòtman epi pou yo bay bon rannman lekòl;
- ii. Asire gen yon kote apa ki pezig pou pitit yo li, pou yo etidye, pou yo fè devwa yo epi asire pitit yo gen tan pou sa;
- iii. Pale ak pitit yo de devwa yo genyen chak jou, de rapò lekòl la voye sou pwogrè y ap fè, epi pou yo pale ak pitit yo de kanè yo;
- iv. Asire pitit yo al lekòl a lè chak jou epi avèti lekòl la tousuit si pitit yo ap absan oubyen an reta lekòl;
- v. Kominike ak lekòl la alekri oswa voye mesaj elektwonik, telefòn ak/oswa nan reyinyon;
- vi. Asire pitit yo gen founiti yo bezwen pou yo travay nan klas epi pou yo aprann lakay;

- vii. Patisipe nan divès aktivite lekòl la, tankou nan reyinyon paran lè lekòl fèk ouvè (Back-to-School Night), reyinyon asosyasyon paran ak pwofesè (PTA meetings), patisipe nan atelye travay, ak aktivite paran/elèv, eks.;
- viii. Asire timoun yo dòmi ase pou yo kab rete ansante, ba yo bon nouriti ak bon swen sante;
- ix. Mete anplwaye apwopriye yo dwe mete okouran nan lekòl la, si ta gen yon sityasyon ki gen move konsekans sou pitit yo oswa sou lòt timoun nan kominote lekòl la;
- x. Ede pitit yo devlope konfyans nan tèt yo nan ba yo bon swen, disiplin, sipò, nan montre yo nou enterese e nou sousye de yo;
- xi. Bay lekòl la bon adrès ak nimewo telefòn lakay yo, travay yo ak nimewo telefòn ak adrès moun pou kontakte nan ka ijans; epi
- xii. Ankouraje pitit yo pou yo gen yon atitud pozitif pou lekòl epi pou aprann.

**B. “Parents as Advisors, Advocates and Participants in Decision Making.”
Paran kòm Konseye, Defansè epi Patisipan nan Desizyon k ap Pran nan Lekòl la.**

- **Konseye.** Nou ankouraje paran yo pou yo patisipe nan desizyon yo epi pou yo enfluyans desizyon yo, pou yo soulve kesyon ak pwoblèm, konteste kèk desizyon epi pou yo rezoud pwoblèm.
- **Defansè.** Nou ankouraje paran pou yo defann kòz timoun, nan koze ki afekte timoun. Nou ankouraje yo anpil pou yo antre nan asosyasyon paran tankou PTA, PTSA ak lòt òganizasyon paran epi pou yo travay kòm dirijan nan òganizasyon sa yo.
- **“Educational Excellence School Advisory Councils.” “(EESAC)”
Komite ki la pou Ede Lekòl Bay Bon Jan Rannman nan Ansèyman.**
Se nan eleksyon paran dwe eli pou yo vin manm aktif nan komite “EESAC” la epi pou yo vin manm nan lòt gwoup ki gen pouvwa pran gwo desizyon enpòtan, kote lwa Eta a ak lwa Federal mande sa. Sa ap gen ladan patisipasyon paran yo nan devlopman “Local Educational Agency Title I Plan” Plan “Title I” Ajans Edikasyonèl Lokal lalwa egzijè dapre seksyon 1112 nan “*No Child Left Behind Act 2001*” (*Akò 2001an Okenn Timoun Pap Ret Dèyè*) a menmjan ak patisipasyon yo nan pwosesis revizyon ak amelyorasyon lekòl yo mande nan seksyon 1116 lwa a.
- **Konpak Lekòl “Title I” ak Paran.** Nan chak lekòl ki mete Pwogram “Title I” an ann aplikasyon, paran yo dwe met ansanm ak lekòl la pou devlope chak ane Konpak Ant Lekòl “Title I” ak Paran pou yo elabore e souliyen kòman paran ak tout anplwaye lekòl la ak elèv yo pral pataje responsablite yo pou amelyore siksè akademik elèv. Konpak sa a pral idantifye kijan lekòl la ak paran yo pral devlope patenarya pou ede elèv yo reyisi aprann nan nivo estanda avanse Eta a.
- **Regleman Lekòl “Title I” yo pou Patisipasyon Paran.** Nan chak lekòl k ap mete ann aplikasyon Pwogram “Title I” an, paran dwe met tèt ansanm ak lekòl la

pou ajoute langaj sou “M-DCPS School Board Rule 6Gx13-1B-1.012” Regleman Komisyon Konsèy Lekòl nan 6Gx13- 1B-1.012 nan M-DCPS ki egziste kouye a, Patisipasyon Paran -- Yon Patenarya Ant Lakay- Lekòl - ak Distri a, pou dekri kouman lekòl la pral mete patisipasyon paran yo ann aplikasyon dapre egzijans seksyon 1118 *Akò 2001 an Okenn Timoun Pap Ret Dèyè a*. Dokiman sa a ak chanjman ki fèt yo pral sèvi kòm Regleman Patisipasyon Paran Lekòl “Title I” an. Met sou sa, paran ki nan Pwogram “Title I” an dwe patisipe nan reyinyon chak ane pou evalyasyon e reòganize kontni ak efikasite dokiman sa a, nan efò y ap fè pou amelyore kalite akademik lekòl la.

II. ESTRATEJI AK RESPONSABLITE NAN NIVO LEKÒL LA

A. Entèmedyè ant Lekòl la ak Paran yo. Chak direktè/direktris ap idantifye youn oswa plizyè endividi pou sèvi kòm entèmedyè pou tout paran nan kominote lekòl la. Responsablite entèmedyè a genyen ladan: chèche konnen sa paran yo bezwen; pase enfòmasyon sa a bay direktè/direktris lekòl la ak gwoup konseye lekòl la; epi fè paran yo konnen ki sèvis, ak ki pwogram paran kab jwenn nan lekòl la ak nan Distri a nan lang yo. Endividi sa a ka yon Espesyalis nan Patisipasyon Kominotè, yon lòt anplwaye oswa yon Volontè ki sètifye.

B. Plas pou Paran. Direktè/direktris lekòl yo ap ofri yon Sant Resous pou Paran kòm yon plas pou paran rankontre, pou yo afiche e revize bilten yo gen kounye a, epi pou yo pase enfòmasyon youn bay lòt.

C. Gen Aksè nan Lekòl yo. Y ap fè efò rezonab pou fè lokal lekòl la vin yon kote ki atiran, e klèman aksesif pou paran. Men y ap atann pou paran yo rekonèt sepandan, dwa yo genyen pou yo gen aksè nan lekòl la pa plis pase dwa elèv yo ak pwofesè yo pou yo gen yon anviwònman ansèyman ki gen lòd ak disiplin.

D. Sansibilite pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal. Y ap fè efò rezonab pou ede paran yo konprann bezwen ak dwa pitit yo. Efò rezonab ta dwe fèt pou ede anplwaye lekòl la, elèv yo ak paran yo pou yo konprann bezwen ak dwa timoun ki gen tout kalite bezwen espesyal.

E. Aranjman pou Paran. Anplwaye nan lekòl la dwe itilize metòd ki fleksib e ki gen kreyativite pou yo kab adapte ak orè paran yo, epi, avèk èd biznis yo, ajans ak òganizasyon yo, pou yo kab ankouraje patisipasyon paran yo lè y ap adrese bezwen gadri timoun, transpò ak lòt resous. Yo dwe fè tout aranjman rezonab pou anplwaye Komisyon Lekòl ki paran pou yo kab patisipe nan edikasyon pitit yo.

F. Kominikasyon. Yo dwe ankouraje kominikasyon ant paran ak lekòl la nan tout nivo ane eskolè ki gen ladan kominikasyon regilye ant paran ak pwofesè, epi bay paran yo yon ide klè sou sa elèv yo dwe kapab fè nan klas yo. Y ap fè efò rezonab pou kominike ak paran yo nan lang yo. Epi tou yo dwe ajiste fason yo kominike ak paran yo lè sa nesèsè pou pwomote konpreyansyon, akseptans epi

pou youn fè lòt konfyans. Met sou sa, chak ane lè lekòl ouvè, lekòl ki mete Pwogram “Title I” an ann aplikasyon dwe voye bay paran yo, Lèt Anons Pwogram “Title I” an, nan yon fòm, e depi sa posib, nan yon lang paran sa yo kab konprann.

G. Oryantasyon pou Paran. Lekòl yo pral fè reyinyon oryantasyon pou fè paran yo konnen pwosedi lekòl la, pou pale de pwogram lekòl la genyen epi pou fè paran yo konnen ki opòtinite ki genyen pou yo bay bon jan patisipasyon. Met sou sa, lekòl ki nan Pwogram “Title I” yo dwe fè yon premye reyinyon oryantasyon nan kòmansman ane lekòl la (reyinyon sa a kab fèt nan jou vizit lib la) pou enfòmè paran yo de patisipasyon lekòl yo a nan Pwogram “Title I” an, pou esplike yo sa yo reklame de paran yo nan Seksyon 1118 *Akò 2001 an Okenn Timoun Pap Ret Dèyè* epi pou esplike dwa paran ki pral patisipe nan pwogram sa a genyen.

H. “EESAC” Komite pou Ede Lekòl Bay Bon Jan Rannman nan Ansèyman. Lekòl yo dwe asire yo mete paran kòm manm aktif nan komite ki la pou ede lekòl yo bay bon jan rannman nan ansèyman ansanm ak lòt komite enpòtan ki gen pouvwa pran desizyon dapre jan lalwa Federal ak lalwa Eta a egzije sa. Pou asire paran yo okouran patisipasyon sa a, tout paran dwe resevwa enfòmasyon konsènan wòl “EESAC” la, orè reyinyon yo, ak eleksyon paran yo. Avèk sipò “EESAC” la, direktè/direktris yo ap mete estrateji sou pye epi y ap sipòte estrateji sa yo ki rann li fasil pou tout paran patisipe omwen nan yon aktivite pandan tout ane a.

I. Konpak Lekòl “Title I” ak Paran. Chak lekòl ki mete Pwogram “Title I” an ann aplikasyon, dwe asire paran yo nan pwogram nan ap patipe nan met ansanm ak lekòl la pou devlope e pou paran yo resevwa chak ane Konpak Lekòl “Title I” ak Paran dapre egzijans Seksyon 1118(d) nan *Akò 2001 an Okenn Timoun Pap Ret Dèyè* a, ki pral fè konnen kijan paran, tout anplwaye lekòl la ak elèv yo pral gen responsablite pou yo amelyore siksè akademik e pa ki mwayen lekòl la ak paran yo pral tabli e devlope yon patenarya pou ede timoun yo jwenn siksè nan estanda wo Eta a.

J. Regleman Lekòl “Title I” pou Patisipasyon Paran. Nan chak lekòl k ap mete Pwogram “Title I” an ann aplikasyon, paran yo dwe met tèt ansanm ak lekòl la pou yo kreye yon regleman ki fè yon sèl ak Regleman Komisyon Konsèy lekòl 6Gx13- 1B-1.012 , Patisipasyon Paran, -- Yon patenarya ant Lakay- Lekòl - ak Distri a ki genyen kounye a, epi ki dekri kouman lekòl la pral mete patisipasyon paran yo ann aplikasyon dapre egzijans seksyon 1118 *Akò 2001 an Okenn Timoun Pap Ret Dèyè* a. Dokiman sa a *ak chanjman* pral sèvi kòm Regleman Lekòl “Title I” Patisipasyon Paran. Met sou sa, paran ki nan Pwogram “Title I” an dwe patisipe nan reyinyon chak ane pou evalyasyon ak reòganizasyon kontni ak efikasite dokiman sa a, nan efò y ap fè pou fè pou amelyore kalite akademik lekòl la.

K. Opòtinite pou Paran Aprann. Avèk èd biwo ki rele Akademi Paran An ak lòt biwo Distri a ki apwopriye, lekòl yo dwe idantifye e mete sou pye pwogram sant kominotè ki enteresan pou paran ak lòt ki afilye ak pou paran yo aprann. Fò gen pwogram pou timoun aprann tou dapre laj yo, timoun ki fèk fèt rive sou laj sizan ak pwogram ki pran an konsiderasyon sa timoun sa yo bezwen pou devlopman lespri yo ak sa elèv yo ap atann pou yo resevwa nan pwogram sa yo. Yo dwe mete lòt opòtinite aprantisaj adispozisyon jèn moun yo tou tankou sa ki deja gen pitit, pou yo kab aprann kijan pou yo vin paran ki efikas.

L. Volontè ak Moun pou Bay Leson. Direktè/direktris yo dwe itilize konesans espesyal paran yo, ladrès yo, talan yo, ak esperyans kiltirèl yo pou amelyore aktivite ak esperyans lekòl yo. Pou direktè/direktris yo kapab toujou gen yon bon pwogram volontè, yo pral idantifye anplwaye ki pral pase alaksyon pou yo rekrite paran, ba yo fòmasyon epi mete yo nan pwogram ansèyman yo bon ladan yo ak nan pwogram ki pa pwogram ansèyman; anplwaye sa yo ap bay paran yo sipò epi y ap suiv yo depre. Ap gen fòm ak machasuiv pou pwogram volontè a pandan tout ane a.

M. Resous pou Paran. Pou ede paran yo, dwe gen resous ki disponib pou paran yo prete nan lekòl yo pou pote lakay yo, tankou: pwogram sou kasèt, sou videyo, nan liv, pwogram nan konpitè ak pwogram ki sou entènèt; pwogram “aprantisaj” pwogram televizyon ak radyo edikatif; ti liv ak lòt liv yo fè espesyalman pou ede paran kòm pwofesè; kopi orè kou yo ak devwa yo bay elèv yo; lis objektif klas yo ak objektif kou yo; règleman pou afè egzamen; ak orè egzamen yo. Met sou sa, yo dwe mete Liv Ransèyman Pwogram “Title I” an disponib pou paran elèv ki nan pwogram nan kab prete li.

N. Defansè kèk kòz. Lekòl yo, Sant Rejyonal yo ak Distri a pral ankouraje paran yo pou yo vin konseye epi pou yo defann kòz pitit yo. Y ap prezante opòtinite moun kapab konprann, opòtinite moun kapab fasil jwenn, ak opòtinite yo pibliye anpil ansanm ak enfòmasyon sou responsablite ak dwa elèv yo ak paran yo, yon fason pou paran yo kab defann kòz pitit yo byen. Ajan rejyonal ki la pou kenbe kontak ak paran yo ap bay paran timoun ki gen ka espesyal yo enfòmasyon ak èd.

III. ESTRATEJI AK RESPONSABLITE NAN NIVO DISTRI A

A. Biwo Resous Paran nan Distri a. Biwo pou Patisipasyon Paran an ap travay tankou yon lyezon pou paran yo, yon fason pou ofri yon pwen kominikasyon nan nivo Distri a pou refere paran yo epi pou ba yo espikasyon sou kesyon patisipasyon paran. Se responsablite prensipal biwo sa a pou l ankouraje patisipasyon paran, pou ede mete règleman sa a ann aplikasyon, epi pou kenbe kontak ak divès gwoup, ak divès moun ki reprezante paran. Biwo sa a ap ede lòt pwogram mete sou pye estrateji pou ede paran patisipe. Pami pwogram sa yo, ap genyen: Akademi Paran An, Pwogram Edikasyon Timoun Tou Piti, Pwogram

Bileng pou Enfòmè Paran, Pwogram Volontè Eta a ak Distri a pou Timoun Anvan yo Antre nan Klas Matènèl (VPK), epi Administrasyon “Title I”.

B. Fòmasyon sou Patisipasyon Paran. Biwo Patisipasyon Paran, nan tèt ansanm ak Akademi Paran An, Administrasyon “Title I”, ak lòt biwo Distri a ki apwopriye kote sa kapab fèt, ap devlope e prepare pwogram fòmasyon epi y ap ofri pwogram sa yo pou bay paran enfòmasyon, zouti ak resous ki nesèsè sou kijan pou yo vin bon jan konseye, pou defann entèrè elèv, ak kouman pou yo travay kòm bon jan patnè nan pwosesis ki an plas pou pran desizyon. Sa ki dwe nan pwogram fòmasyon sa yo se: èd pou paran konprann sijè tankou regleman Eta a sou nivo akademik lekòl yo ki rele “Sunshine State Standards” la, egzamen FCAT la ak lòt egzamen, jan *Akò Okenn Timoun Pap Ret Dèyè* a egzije a, ak fason suiv pwogrè yon timoun, ak fason pou travay ak edikatè yo pou fè elèv yo bay pi bon ranman. Distri a dwe fasilite pwogram fòmasyon ant paran ak paran.

C. Sipò pou Estrateji Patisipasyon Paran. Atravè Biwo Patisipasyon Paran, Akademi Paran An, Administrasyon “Title I” ak lòt biwo Distri a ki apwopriye, Distri a dwe ofri kòdinasyon, asistans teknik ak lòt sipò ki nesèsè pou ede lekòl yo nan planifikasyon aktivite efikas pou patisipasyon paran, aktivite pou amelyore ranman akademik elèv yo ak ranman lekòl yo epi pou bay lekòl yo ak paran yo plis kapasite, kon sa paran yo ap kab patisipe byen patisipe dapre esplikasyon ki nan seksyon 1118 *Akò Okenn Timoun Pap Ret Dèyè* a. Met sou sa, lekòl k ap mete Pwogram “Title I” an ann aplikasyon ap resevwa sipò ak èd atravè eleman sa yo ki konpoze Pwogram “Title I” an: reyinyon jeneral ak reyinyon konsèy administrasyon Konsèy Konsiltatif Distri a pou paran, Pwogram ki la pou Kominike ak Paran yo, Espesyalis nan afè Patisipasyon Kominote a, Konsèy Konsiltatif pou paran, ak Sant Resous pou paran nan Distri a ak nan lekòl yo.

D. Sipò pou kominikasyon. Biwo Distri a ki apwopriye yo pral devlope metòd kominikasyon ki efikas epi y ap mete yo ann aplikasyon pou yo sèten tout fanmi resevwa ransèyman lekòl voye lakay epi pou tout fanmi kapab voye ransèyman pa yo nan lekòl la, san gade sou kèlkeswa kantite lajan yo fè, kèlkeswa nan ki gwoup etnik yo soti, oubyen kèlkeswa lang yo pale. Met sou sa, Administrasyon “Title I” an ap ofri lekòl ki itilize Pwogram “Title I” an echantyon Lèt Anons Pwogram “Title I” an, pou distribye voye bay paran yo chak ane nan kòmansman ane lekòl la.

E. Fòmasyon pou Anplwaye. Pwogram fòmasyon yo dwe genyen sesyon sou enpòtans patisipasyon paran. Biwo Patisipasyon Paran, Administrasyon “Title I”, Akademi Paran An, ak lòt biwo Distri a ki la pou sa pral idantifye pwogram fòmasyon pou ede anplwaye vin gen teknik ki ankouraje bon jan kominikasyon ak paran yo ak fason pou yo ankouraje patisipasyon paran.

F. Gid Resous. Yo pral devlope yon gid resous pou anplwaye lekòl yo, pou paran yo, pou kominote a; gid sa a ap gen metòd yo eseye deja ki mache ak yon lis kontak pou pwogram ak moun ki gen espètiz nan domèn patisipasyon paran. Met sou sa, Manyèl Administrasyon “Title I” an se yon resous ki apwopriye pou bay lekòl ki mete Pwogram “Title I” an ann aplikasyon sipò, nan domèn sa a.

G. Konpak Lekòl “Title I” ak Paran. Administrasyon Pwogram “Title I” an pral asire tout lekòl k ap patisipe nan Pwogram “Title I” an mete tèt ansanm ak paran yo pou devlope chak ane Konpak Lekòl “Title I” ak Paran yo; konpak ki make kijan paran, tout anplwaye lekòl la ak elèv pral pran responsablite ansanm pou yo amelyore rannman elèv yo nan etid yo. Administrasyon “Title I” an pral ede asire tout lekòl yo voye Konpak yo bay tout paran ki nan Pwogram “Title I” an.

H. Regleman sou Patisipasyon Paran nan “Title I” pou Tout Distri a.

Regleman 6Gx13- 1B-1.012 Komisyon Konsèy Lekòl la, Patisipasyon Paran – Yon Patenarya Ant Lakay - Lekòl - ak Distri a, sèvi kòm Regleman sou patisipasyon paran pou tout Distri a dapre *Akò 2001 an Okenn Timoun Pap Ret Dèyè* a pou lekòl ki mete Pwogram “Title I” an ann aplikasyon. Yo mete regleman sa a sou pye nan tèt ansanm ak paran ki gen pitit k ap patisipe nan Pwogram “Title I” an e paran yo dakò avè l. Administrasyon “Title I” an pral ede asire yo voye Regleman sa a bay tout paran ki nan Pwogram “Title I” an.

I. Evalyasyon. Biwo Patisipasyon Paran an, ansanm ak Komite Konsiltatif pou Patisipasyon Fanmi ak Kominote a, kote majorite manm yo se paran, ap evalye kouman yo mete Regleman Patisipasyon an ann aplikasyon chak ane; y ap sèvi ak done ki baze sou rezilta, tankou, Sondaj sou Anbyans Lekòl la, ak Sondaj sou Etap yo Tabli pou paran, epi y ap bay rekòmandasyon alekri sou kijan pou yo pote amelyorasyon. Evalyasyon sa a pral idantifye ki sa ki anpeche plis paran patisipe nan aktivite patisipasyon paran. Y ap pote plis atansyon sou paran ki ekonomikman dezavantaje, paran ki pa fin twò fò nan anglè, paran ki pa fin konn li byen, oubyen paran ki soti nan nenpòt ras oswa nenpòt gwoup etnik ki an minorite. Yo pral sèvi ak rezilta evalyasyon sa a pou mete estrateji pou fè gen plis patisipasyon paran ki bay bon rannman epi pou revize regleman ki la kounye a pou patisipasyon paran.

J. Patisipasyon Sektè Biznis. Patisipasyon aktif biznis, ajans, òganizasyon ak lekòl ki resevwa moun lè yo fini lekòl segondè yo ki nan kominote a, pral chèche met ansanm ak Distri a pou yo ofri opòtinite sou plas pou paran yo enfòmè yo plis sou travay biwo lekòl yo, sou bezwen edikasyonèl elèv yo, ak sou paran an jeneral. Yo ka mande kote sa yo pou yo met ansanm ak Distri a pou yo ofri kèk kou nan lokal lekòl yo. Y ap ankouraje moun nan kominote a pou yo patisipe nan pwogram tankou Pwogram Moun k ap Koute, Pwogram Konseye ak Pwogram Moun k ap Bay Bon Egzanp, yon fason pou ede elèv yo. Yo ap ankouraje biznis yo pou ofri tan fleksib oubyen lage anplwaye yo pou ale vizite lekòl pitit yo. Distri a pral tabli yon pwogram pou yo nonmen biznis ki « ankouraje lekòl » lè biznis sa yo rive atenn kritè Distri a mete sou pye.

Lwa Espesifik: Lwa Eta Florid “1001.41(1)(2); 1001.42(23); 1001.43(10) F.S.”
Lwa yo mete ann aplikasyon, entèprete oswa byen espesifye: 1001.32(2)(4);
1001.43(5); 1002.20(1)(2)(18)(b)(20)(b)(c) F.S.; The No Child Left Behind Act of
2001, P.L. 107-110”

**Istwa: KOMISYON KONSÈY LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY,
FLORIDA**

Nouvo: “6-13-07”